TSVETGJENSK.





**Барбро Линдгрен**



**Эва Эрикссен**









# Акха бера







***Нана а,***
***акха бера а.***

***Акха бера***

***д1адоьду.***




И акха ва бера
ду г1овг1анна
т1ера.
Буйса юккъе ва яхча
къиг санна лаьа цунна
1еха.

Т1ема долу и лекха
Аьрзунах ловзуш
Моз дуу цо дукха
Ча ю ша бохуш

Бераш г1о лела
- Шайн луург до
Даима хиан 1е
- Уьш-м 1а ца ло!





Цхьана дийнахь дог цадог1уш
хуьла иза
Ткъа дан цхьаъ карийча
самукъа долу.
Шен нена шкаф чуьра
г1утакх цо схьадоккху
Х1ордкема ва санна
Дуьненах го боккхуш
иза цо хохку.

Пхьагал а,
Жираф а,
жима коьнах Акха
Дуьнена го таса бакъо ю шун
Дера вай тосур-м бу
Дуьне ду доккха!





Доьххара нанас д1адиллина
мерза и бепиг
Дуьллу цо х1ордкема чу шен
Цхьа дика нанас иза дицдина.





Таккха цо гата айдина
Х1ордкема хохку
Нисса х1ордан чу
Кестта вашавийр ву иза!

Ткъа нанас куг лестадо,
1одикаеш
«Ларлуш хьо хилалахь,
жиманиг
Латта т1ехь а, х1ордаца а!»



Ткъа бера доьлуш ду
Шен х1ордкема чохь
Ва-ха-ха-ха-ха!
Амма кестта хийцалур ю
Деларан эшар.



Кестта ю тулг1енаш
цено санна лекха.
Ч1ог1а 1ан беза уьш
Адамаш, акхарой.
Пхьагал а,
Жираф а,
Кхерайелла х1инца.
Уьш шайн дахарехь доьххьара
Х1ордкема хохкуш ю.

Ткъа жима къонах Акха
Шен муц1ар гойтуш ву
Иза а кхеравелла.



Амма беро иза к1елхьарвоккху
Т1ийриг а йоьхкий цунах.



RET

Ткъа берас а, Акхас а
Ч1ерашна мерза бепиг кхуьссу.
Уьш дуьзина сиэндаллалц.
Х1инца тоьар ду!



Царна цхьа ч1ара го,
Дерач1ара бу иза.
АСА ШУ Д1АКХОЛЛУР ДУ!
Пхьагал а, жираф а,
1аламат кхерайелла.





Ткъа цхьа ч1ог1а т1еда

борг1ал го царна цаьххьана
тилйелла лела техьа ва иза?
Цо кхойкху махьарца:
Ва бера, со хьайн х1ордкема т1е
Ялита, со хин буха яхале,
Кхин а ч1ог1а т1ада а йина!



Ткъа беро иза к1елхьара йоккху
Мох сана сиха,
Борг1ало кхойкху ткъа.
Беранна бартло цо
Цуьна беснешна т1е.
Амма Пхьагал а, Жираф а коьру
Цу борг1алах.
Царна лаьа цуьна меттан
бананаш хуьлийла.





Ц1аьххьана цхьа йоккха зал
йеллало схьа.
Випс! Х1ордкема доьду цу чу.
Д1ахажа. Кит бу-кха иза!



Цу китан кирахь шадерг а
меллаша ду
Хетарехь х1ордкеман чам
дика хетац цунна
 Цундела батт йоьллий
кхуссу цо иза схьа.
Тфу - тфу – фу , аьлла!
Иза дика дара,
 маьрша бу уьш х1инца.
Юха а х1ордаца бу уьш.
Х1ун хуьлу ткъа вайн жима
хьомсара доттаг1ах?



Хъаъ. Цхьаммо мохь бетта

Керахь щун лаьцна:
БЕРАШ Ц1А ДУЬЙЛА Х1ИНЦА –
ЮУРГ ЯА ДОХКУ ВАЙ!
Оцу дешнашца т1аккха
къайладолу хи.
Ткъа лаьтта буссу уьш
ловзуш санна атта.



Амма берас, шен х1ордкема
Мох саццалц хохку.
Хин тулг1енаш лакха
Йовлу цкъа а ца хилча тайпана.



Шторм йаьлла
Ч1ог1а а, йоккха а.
Пхьагал а,
Жираф а ненига кхойкху.
Борг1ал а кхойкхуш ю
Мох къарба г1ерташ
Ткъа бера, бера ду
хьалха санна сов кура!



Жима къонах Акха
Кхерамо лаьцна
Пхьагалах тасвелла
Вегош и лаьтта.
Амма тхов бу чукхета гергга
Иза шен дахар чекхдаларх
ву х1инца тешна.



Цу шторма юккъехьа

Тулг1енан дарц
Хийзаш ду х1ордкема
Адамашца, акхарошца.

Чаккхе ткъа муха ю
Х1окху туьйранна
Уьш х1ордачу изга техьа
Шиъ цхьана шиъ.



Амма берас шен куьга
уьш к1елхьарабоху
Цхьаъ вукхун т1ехьа.
Х1ора шен метте охьа
уьш бохку.



Массо мерза бепигаш
цо схьагулдо таккха.
Борг1ал а т1еда йолу
Когаш т1ера коьрте.



Пхьагал а. Жираф а
Елха герга яхна.
Мохь хьоькху цара
Х1ордкема дегош
Ткъа бера а, Акха а
Боьлуш бу царах гай
лаьцна.



Таккха шадериг д1асеци,
Шторм а д1айели.
Осьминог гучуели шен
шекъа детташ.
Осьминога х1оранна
Цхьацца куьг ду,
Цо схьалоцу,
Цо схьалоцу,
Амма бера доьлу
цо лелочух
Х1ордкема латта т1е
Д1адохуьтуш.



Ц1еххьана къайладолу
шадолу хи.
Гондахьа уьш хьовсу,
латта бен гуш дац.
Генахьа д1ахьаьжча
Сахьт дьаьлла шийтта.
Бехки уьш юха а
Нена ц1енкъе!





Цунна сов хазахета
Уьш ц1а баьхкина.
Маьрша а, могуш а
Уьш болуш х1инца.



Амма и борг1ал ткъа?
Мичара йаьлла иза?
Х1аъ, иза санна дериг хатта цо тарло!



Bokklubbens Barn